Бюллетень

# Ненан меттанашкахь информацин сервис

27.03.2020



Корона-кризис чекхйаллалца Вена-г1алин интеграцин а, диверсаллин а магистрато **оршот-дийнахь, 30-чу мартехь,** дуьйна ненан меттанашкахь инфо-сервисан болх д1аболош бу.

Корона-кризисах лаьцна шайн кхоллалуш долу хаттарш тхоьга шайн ненан маттахь хатта. Оха толлур ду, шун хаттаршна тешамечу хьостанашкара дала кийча жоьпаш дуйла хьожуш. Т1аккха оха шун ненан маттахь шуна оьшучу теманех лаьцна информаци лур ю.

**Шайн хаттарш тхоьга кхузахь дала йиш ю шун**

- E-Mail: post@ma17.wien.gv.at
- Facebook: startwien.at
- Telefon: 01 4000 81540 (Тхоьга схьа а тохий, шаьш муьлхачу маттахь хаттар дан лууш ду ала. Т1аккха шун мотт буьйцучу тхан белхахочуо шуьга телефон юхатухур ю)

**Маца з1ене довла йиш ю тхоьца**

Оршот дийнера п1ераскан дийне кхаччалца 9 сахьт даьлча 16 сахьт даллалца. Аш хаттар динчул т1аьхьа 24 сахьт далале оха жоп лур ду шуна.

**Массо а х1ума хууш тхо а дац**

Вена-г1алин интеграцин а, диверсаллин а магистратан белхахой Корона-цамгаран экспертащ бац. Амма тхо къахьоьгуш ду, шуна тешамечу хьостанашкара ненан маттахь шу кхетачу аг1ор информаци яла г1ерташ. Нагахь санна шун хаттарна жоп дала тешамечу хьостанера информаци яцахь, т1аккха тхан цунах лаьцна дала жоп ца хуьлу. Тхайх кхетаре доьху оха шуьга.

Integration und Diversität

Impressum